

ETA NEW YORK  
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI  
**ENFÒMASYON SOU REJIS ADOPSYON FAMILYAL**  
**ADOPSYON SÈLMAN**

Rejis sa a se yon zouti pou fanmi ki enterese nan adopte timoun ki nan lis foto yo, epi li disponib pou anplwaye nan zafè adopsyon yo pou fasilite timoun yo koresponn ak fanmi ki ta ka adopte yo.

**NON MOUN K AP APLIKE A (YO):**

**REMAK:** Chwazi **TOUT** karakteristik ki aseptab yo. Ou ka chwazi plis pase yon antre nan chak zòn.

**Sèks:**  Gason  Fanm  Lòt **Laj:** \_\_\_\_\_ *Poko gen 2 lane* \_\_\_\_\_ *2 jiska 5 lane* \_\_\_\_\_ *6 jiska 7 lane* \_\_\_\_\_ *8 jiska 9 lane* \_\_\_\_\_ *10 jiska 13 lane*  
\_\_\_\_\_ *Gen plis pase 13 lane*

**Kòd Orijin:** \_\_\_\_\_

**Kòd Lang Natifnatal:** \_\_\_\_\_

**Kòd Dezyèm Lang:** \_\_\_\_\_

**Kòd Relijyon:** \_\_\_\_\_

KÒD ORIJIN (POU TIMOUN LAN AK PARAN LI)				KÒD LANG: (POU TIMOUN LAN AK PARAN LI)			
<b>AA</b>	Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	<b>ASI</b>	Endyen	<b>AI</b>	Lang Ameriken Natif Natal	<b>KM</b>	Kanbodjyen
<b>AAC</b>	Karayibeyen	<b>ASJ</b>	Japonè	<b>AL</b>	Albanè	<b>KR</b>	Koreyen
<b>AAH</b>	Ayisyen	<b>ASK</b>	Koreyen	<b>AR</b>	Arab	<b>LA</b>	Lawosyen
<b>AAN</b>	Afriken Natifnatal	<b>ASX</b>	Lòt - Azyatik	<b>BN</b>	Bengali	<b>MU</b>	Miltip
<b>AAX</b>	Lòt - Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	<b>HP</b>	Ispanik	<b>BS</b>	Bosnyen	<b>NI</b>	Nijerya Igbo
<b>AL</b>	Alasken Natifnatal	<b>ML</b>	Miltip	<b>CC</b>	Kantonè	<b>PJ</b>	Pendjabi
<b>AM</b>	Ameriken Natifnatal	<b>PI</b>	Natif Natal Awayi/Polinesyen	<b>CF</b>	Fidjanè	<b>PL</b>	Polonè
<b>AS</b>	Azyatik	<b>WH</b>	Blan	<b>CH</b>	Chinwa Lòt	<b>PR</b>	Pòtigè
<b>ASC</b>	Chinwa	<b>XNR</b>	Pa Deklare	<b>CM</b>	Mandaren	<b>PT</b>	Patwa
KÒD RELIJYON (POU TIMOUN LAN AK PARAN LI)				<b>CR</b>	Kreyòl Ayisyen	<b>RO</b>	Woumen
<b>AT</b>	Relijyon Afriken	<b>IS</b>	Mizilman/Islamik	<b>CZ</b>	Tchèk	<b>RS</b>	Ris
<b>BA</b>	Batis	<b>JW</b>	Temwen Jewova	<b>EN</b>	Anglè	<b>SC</b>	Sèbo Kwoat
<b>BP</b>	Lòt Pwotestan	<b>LU</b>	Literyen	<b>ET</b>	Etyopi	<b>SI</b>	Langaj Siy Ameriken
<b>BU</b>	Boudis	<b>ME</b>	Metodis/Wesleyen	<b>FA</b>	Fasi	<b>SL</b>	Bray
<b>CJ</b>	Juif	<b>MO</b>	Mòmou	<b>FL</b>	Foulani	<b>SP</b>	Panyòl
<b>CS</b>	Syans Kreytyen	<b>NA</b>	Ameriken Natifnatal	<b>FO</b>	Filipino	<b>TL</b>	Tagalòg
<b>CT</b>	Chinwa Tradisyonèl	<b>OC</b>	Lòt Chreytyen	<b>FR</b>	Fransè	<b>UK</b>	Pa konnen
<b>DE</b>	Lòt Istèn	<b>PE</b>	Pannkotis	<b>GK</b>	Grèk	<b>UR</b>	Oudou
<b>EN</b>	Okenn/Sekilè	<b>PR</b>	Presbiteryen	<b>GR</b>	Alman	<b>VT</b>	Vyetnamyen
<b>EP</b>	Episkopal/Anglikan	<b>RC</b>	Katolik	<b>GU</b>	Gjarati	<b>YI</b>	Yidich
<b>FP</b>	Okenn Preferans	<b>RO</b>	Òtodòks Ris	<b>HI</b>	Indi	<b>XX</b>	Lòt
<b>GO</b>	Òtodòks Kilti Grèk	<b>UN</b>	Pa konnen	<b>HW</b>	Ebre		
<b>HI</b>	Indi	<b>UU</b>	Initaris/Inivèsèl	<b>IT</b>	Italyen		
		<b>XX</b>	Lòt	<b>JP</b>	Japonè		
				<b>KH</b>	Kmè		

**Si w pral konsidere yon timoun ki gen bezwen, tcheke TOUT chwa ki apwopriye yo nan kare pi ba yo:**

KATEGORI BEZWEN TIMOUN YO	LEJÈ	MODERE	GRAV
Bezwen Medikal/Fizik	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Bezwen Edikatif/Pou Aprann	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Bezwen Sante Mantal	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Bezwen Reta Devlopmanal	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Èske w pral vle asepte yon timoun ki "arisk selon lalwa" selon lalwa? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi	Èske w t ap enterese nan adopte yon gwoup frè ak sè? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi		

SIYATI MOUN K AP APLIKE A: <b>X</b>	DAT LA: / /
SIYATI MOUN K AP APLIKE A: <b>X</b>	DAT: / /

## KATEGORI BEZWEN TIMOUN YO

**Bezwen Medikal/Fizik** – Kategori sa a genyen ladan l timoun ki gen bezwen medikal/fizik espesyal ki ka mande yon nivo swen ki depase swen yo bay nòmalmman nan nivo laj timoun lan. Kategori sa a gen ladan l timoun ki ka prezante kèk nan pwoblèm sa yo soti nan maladi ki devlope bridsoukou rive nan maladi kwonik ak/oswa maladi ki pa kapab trete: timoun ki gen pwoblèm respirasyon soti nan maladi opresyon rive nan maladi vwa respiratwa ki reyaktif; timoun ki gen maladi po soti nan egzema rive nan maladi ki mande entèkansyon chirijikal/medikal; timoun ki gen andikap nan kò ki anpeche li wè, tandè epi deplase; ak timoun ki gen pwoblèm newolojik ki soti nan maladi malkadi rive nan diferan nivo paralizi serebral yo. Nan seksyon sa a gen tibebe ki mande entèkansyon medikal anplis yo kou kèk timoun ki gen bezwen medikal gastwo-entestinal, ak timoun ki gen yon pil ak pakèt maladi alèjik. Anplis, yo pral mete timoun ki gen maladi tankou sendrom Down, sendrom alkolis fetal, Tourèt ak anemi falsifòm yo nan seksyon sa a.

**Bezwen Edikatif/Pou Aprann** – Kategori sa a genyen ladan l timoun ki gen bezwen edikatif yo. Bezwen sa yo soti nan sipò edikatif rive nan difikilte aprantisaj yo dekouvri. Pa egzanp, difikilte pou trete sa li wè/sa yo di l/sa li tandè, dislekski, ak reta nan lekòl. Anplis, timoun ka mande entèkansyon edikatif ki espesyal.

**Bezwen Sante Mantal** – Kategori sa a genyen ladan l timoun ki pwoblèm mantal/emosyonèl soti nan devlope pwoblèm move konpòtman ak pwoblèm emosyonèl rive nan desizyon yo te pran pou mete yo nan kategori Moun ki Bezwen Sipèvizyon (Persons in Need of Supervision, PINS) ak Delenkan Jivenil. Nan lòt egzanp bezwen sante mantal yo genyen timoun k ap afiche kèk nan konpòtman sa yo: tankou fristrasyon, kòmansè fè sèks bonè, move konpòtman seksyèl, pipi nan kabann, pou pou sou yo epi yo mechan ak bèt. Epiou nan kategori sa a genyen timoun ki montre pwoblèm sa yo: yo rebèl, yo gen pwoblèm ak timoun parèy yo, yo gen konpòtman mawonaj, yo pa vin lekòl ak/oswa yo pa respekte disiplin, pwoblèm atansyon yo dyagnostike yo tankou mank atansyon, mank konsantrasyon ak tibilans, pwoblèm somèy ki gen pou wè ak move itilizasyon sibstans tankou dwòg ak alkòl, ak vòlè ak aktivite nan gang. Yo pral mete timoun ki agresif, vyolan epi k ap fè mal ak kò li nan kategori sa a.

**Bezwen Akòz Reta Nan Devlopman** – Kategori sa a genyen ladan l timoun kote bezwen nan devlopman yo soti nan langaj reseptif/ espresif, kapasite pou yo deplase ak bouje, adapte yo nan sosyete, ak kapasite pou yo ede tèt yo rive nan sa kote y ap bezwen gwo èd pou yo kapab ede tèt yo ak èd pou yo kapab viv san konte sou moun. Epiou nan seksyon sa a genyen timoun ki gen reta nan devlopman ki tanporè oswa plis mank ki pi pèmanan.

**Timoun ki “Arisk Selon Lalwa”** – Pi ba a gen de (2) definisyon detaye pou ekspresyon “Arisk Selon Lalwa” a.

- Paran biyolojik timoun lan pa t mete fen nan dwa parantal yo ak/oswa remèt timoun lan. Kidonk, timoun ka vin disponib pou adopsyon.

**Remak:** Definisyon sa a apwopriye pou rekritman ak plasman timoun nan fanmi.

- Yo mete timoun lan disponib pou adopsyon, epi ka genyen anpèchman legal pou adopsyon an fini tankou:
  - a) genyen yon apèl ki ann atant pou renonsyasyon dwa parantal yo;
  - b) genyen yon swadizan papa ki di li se moun ki dwe bay konsantman li pou adopsyon an kapab fèt;
  - c) genyen yon renonsyasyon sou kondisyon kote renonsyasyon an limite oswa mete restriksyon sou ki moun paran adoptif lan kapab ye; ak
  - d) estati imigrasyon timoun lan.

**Remak:** Definisyon sa a apwopriye pou chèche timoun yo mete sou lis ak foto yo epi koresponn yo ak fanmi ki anrejistre nan Rejis Adopsyon Fanmi an

**EKSPLIKASYON NIVO LEJÈ, MODERE AK GRAV ANPIL****LEJÈ**

**Bezwen medikal/fizik** – Timoun lan gen maladi ki mande atansyon medikal ki pa twò grav tankou: pwoblèm nan je oswa nan zòrèy, alèji, opresyon, epilepsi ki kapab kontwole oswa maladi ki mande suivi yo te trete avèk operasyon tankou chiriji kè ouvè.

**Bezwen edikatif/Pou aprann** – Timoun lan yon tijan an reta nan youn oswa plis matyè men li suiv yo chak nan lekòl la. Timoun lan ka genyen ti pwoblèm pou l aprann.

**Bezwen Sante mantal** – Timoun lan gen yon maladi yo dyagnostike ki ka bese kapasite l tou piti pou l fonksyone tankou yon pwoblèm pou l adapte l oswa pou l devlope atachman emosyonèl. Timoun lan jeneralman estab sou plan emosyonèl men li ka ap fè fas ak yon pwoblèm (deranjman, nouvo fwaye dakèy) ki te kreye yon estrès emosyonèl ki tanporè e ki ka bezwen rezoud. Timoun lan gen pwoblèm oswa te gen pwoblèm pou l kontwole konpòtman l, ki souvan gen pou wè ak yon ensidan ki espesyal tankou yon deranjman.

**Bezwen devlopmanal** – Timoun lan gen yon ti reta nan devlopman li epi li ka ap swiv terapi pou l aprann kominike, viv san èd moun oswa terapi fizik.

**MODERE**

**Bezwen medikal/fizik** – Timoun lan gen yon nivo paralizi serebral, malfòmasyon fant ki modere yo poko trete ak operasyon, anemi falsifòm si pa gen konplikasyon ki grav anpil, yon pati nan mouvman nòmal yo chanje, maladi sik, malfòmasyon kè ki kapab repare, malfòmasyon rèdo san plis konplikasyon grav.

**Bezwen edikatif/Pou aprann** – Timoun lan gen yon reta de (2) rive twa (3) lane nan matyè yo epi l ap resevwa èd nan sal resous la oswa lòt ankadreman espesyal anplis li nan klas nòmal la.

**Bezwen Sante mantal** – Timoun ki gen youn nan kondisyon yo dekri yo ki mande sèvis entèvansyon san kanpe epi yon pi wo nivo sipèvizyon ak/oswa tretman. Timoun lan ap fè fas ak pwoblèm emosyonèl ki ka anpeche timoun nan bay rannman lekòl oswa kominike avèk lòt timoun. Timoun lan konn fè maledve ki lakòz li bay pwoblèm nan lekòl ak nan relasyon li genyen ak lòt moun.

**Bezwen devlopmanal** – Timoun lan bezwen èd pou l kapab viv lavi li chak jou. Timoun lan ap resevwa sèvis entèvansyon yo bonè pou gwo reta nan pale, kapasite pou l bouje ak deplase.

**GRAV ANPIL**

**Bezwen medikal/fizik** – Timoun ki gen malfòmasyon rèdo ki konplike anpil yo, mis k ap mouri nèt, paralizi serebral avèk andikap entèlektiyèl ak/oswa paralizi, paralizi total, fibroz kistik, avègleman, soud total ak/oswa yon maladi tèminal.

**Bezwen edikatif/aprantisaj** – Yo idantifye timoun nan gen andikap pou aprann oswa li gen yon andikap entelektiyèl epi yo mete l nan yon salklas espesyal.

**Bezwen Sante mantal** – Timoun ki eskizofrenik, ak/oswa ki gen move konpòtman yon fason pou yo fè dega tankou mete dife oswa touye tèt li. Timoun ki toumante anpil nan lespri li, k ap resevwa tretman nan kay, k ap resevwa terapi entansif oswa ki nan anviwònman salklas pou timoun ki gen andikap emosyonèl yo. Timoun ki afiche move konpòtman ki grav anpil ak/oswa konpòtman vyolan. Timoun k ap pran medikaman pou kontwole konpòtman yo.

**Bezwen devlopmanal** – Timoun nan gen andikap entelektiyèl ki grav anpil. Timoun k ap resevwa anpil terapi pou yo kapab aprann viv lavi yo chak jou. Timoun ki bezwen anpil sipèvizyon pou yo kapab fonksyone chak jou.